



## Envitasyon pou lekòl yo patisipe nan selebrasyon jounen entènasyonal Matematik (JEM) 2023

Youn nan objektif Jounen an se fè jèn yo renmen matematik, fè wè matematik yo tout kote, fè konprann matematik bèl ak itil.

Anseyan yo kapab selebre JEM nan klas yo. Lekòl yo kapab òganize aktivite ki pi enpòtan toujou.

Tèm chwazi pou JEM 2023 se :

### Matematik pou tout moun

Men kék sijesyon :

- Panse yon aktivite enteresan ki ka fèt nan sal klas yo. Ou kapab enspire w aktivite ki nan lyen sa ([activités pour la salle de classe](#))
- òganize aktivite matematik nan plennè (tankou lakou lekòl) (Ou ap jwenn enstriksyon sou sit la nan tan ki ap vini yo)
- Sou sit entènèt (JEM) ([site de la JIM](#)) lan, fè konnen lekòl ou an ap selebre (JEM) lan pou li ka parèt sou kat selebrasyon JEM 2023 a.
- Itilize resous sa yo (afich, epenglèt ...) oubyen kreye pa w ([ressources](#))

Jwenn nou  
[www.idm314.org!](http://www.idm314.org)

- Logo ([logo](#)) JEM lan egziste nan plis pase 39 lang epi lòt lang ap ajoute tanzantan
- Patisipe ak nou ak klas ou nan defi entènasyonal la ki kòmanse depi janvye
- Monte sou sit entènèt JEM lan, pataje sou rezo sosyal yo foto, vidyeo aktivite ou yo ([site de la JIM](#))
- Jwenn nou nan kouvèti dirèk JEM 14 mas 2023 a. (Li ap sanble ak kouvèti 2022 an) ([couverture 2022](#))
- Si ou vle òganize yon aktivite nan lakou oubyen deyò sal klas, ou ka itilize kèk modèl materyèl ki pwopoze sou sit sa ([matériel proposé](#)) yo nan plizyè lang
- Swiv ak klas ou seremoni vityèl 14 mas 2023 a.
- Sou sit entènèt ([infolettre](#)), enskri w sou lèt enfòmasyon JEM lan pou w ka gen tout enfòmasyon kou JEM 2023 a prèske rive. Ou ap genyen privilèj konnen an premye lè anons defi entènasyonal la lanse.

**Tout lekòl nan mond lan envite nan selebrasyon sa.**

Kontak: Christiane Rousseau  
info@idm314.org

Pase sou [www.idm314.org](http://www.idm314.org) pou w gen plis enfòmasyon.

Jounen entènasyonal matematik se yon pwojè Inyon matematik entènasyonal ([www.mathunion.org](http://www.mathunion.org)).